компоненты, как: а) способность использовать произносительные нормы; б) отсутствие орфоэпических ошибок; в) продуцирование речи на основе норм и правил. С учетом этого, а также данных структурно-частотного анализа лексемы «орфоэпическая компетенция», мы даём ей следующее определение: способность владения нормами устного и письменного литературного языка, реализуемыми в речевой деятельности на основе правил произношения в языке, орфоэпических знаний, умений и навыков.

**Литература**


1. Азимов Э.Г., Щукин А.Н. Новый словарь методических терминов и понятий (теория и практика обучения языкам). – М.: 2009. -С. 180 (448).
2. Шестакова Е.В. Особенности формирования языковой компетенции у иностранных военнослужащих // Вестник ЧелГУ. – 2015. № 27 (382). -С. 185–188.
3. Спиридонова Н.Л. Формирование орфоэпической компетенции школьников в процессе изучения произносительных норм русского языка. 2015. Интернет-ресурс: https://infourok.ru/doklad-po-teme-samoobrazovaniya-551199.html. (Дата обращения 21.10.2019)
4. Введенская Л.А., Павлова Л.Г., Кашаева Е.Ю. Русский язык и культура речи. Справ. пособие. –Ростов н/Д: Феникс, 2002 (Курск : ФГУИПП Курск). -С.80–81.
5. Торгун С.Н. Формирование орфоэпической культуры студентов-нефилологов: Дис. …канд. пед. наук. –М.: 2009. -С. 12.
6. Абдульменова ЗЗ. Формирование орфоэпической компетенции младших школьников. 2018. Интернет-ресурс: https://infourok.ru/formirovanie-orfoepicheskoy-kompetencii-mladshih-shkolnikov-3362823.html (Дата обращения 22.10.2019).
7. Миханцева А.И. Формирование орфоэпической компетенции в процессе освоения норм произносительной речи родного языка. 2014. Интернет-ресурс: https://scienceforum.ru/2014/article/2014005954 (Дата обращения 22.10.2019).
8. Розенталь Д.Э. Культура речи. -М.: 1964. -С. 140.
9. Искандарова Т.Э. Формирование орфоэпических норм в речи учителя начальных классов как психолого-педагогическая проблема // Образование и воспитание. 2019. № 1. -С. 66–70.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада орфоэпик компетенция тушунчасининг таркибий ва частота таҳлили келтирилган. Муаллифлар рус ва ўзбек тилларининг назарий-услубий ёндашувлари ҳақида фикр юритилади. Шунингдек, рус тилини чет тили сифатида ўзлаштириш контекстида тил компетенцияси тарқибида нисбатан мустақил тарқибий қисмларнинг қуйидаги қатор аниқланди: лексик, грамматик, семантик, фонологик, орфографик ва орфоэпик компетенциялар.

**РЕЗЮМЕ.** В статье приводится структурно-частотный анализ понятия орфоэпическая компетенция. Авторы рассуждают о теоретико-методологических подходах русского и узбекского языков. А также в структуре языковой компетенции в контексте освоения русского языка как иностранного выделили следующий ряд составляющих относительно самостоятельных компонентов: лексическую, грамматическую, семантическую, фонологическую, орфографическую и орфоэпическую компетенции.

**SUMMARY.** The article provides a structural-frequency analysis of the concept of orthoepic competence. The authors discuss the theoretical and methodological approaches of the Russian and Uzbek languages. And also in the structure of linguistic competence in the context of mastering Russian as a foreign language, the following series of relatively independent components were identified: lexical, grammatical, semantic, phonological, orthographic and orthoepic competence.


## ZAMANAGÓY TÁLIM PROCESINDE DIDAKTIKALÍQ METODLARÍN KLASSIFIKACIYALAW


**S.Saytbekova –** *pedagogika ilimleriniń kandidatı, docent*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar**: metod, tasnif, didaktika, texnologiya, oʻquv jarayoni, oʻqituvchi, oʻquvchi, reproduktiv usul, dasturlashtirilgan usul, evristik usul, muammoli usul.

**Ключевые слова:** метод, классификация, дидактика, технология, учебный процесс, учитель, ученик, репродуктивный метод, программированный метод, эвристический метод, проблемный метод.

**Key words**: method, classification, didactics, technology, educational process, teacher, student, reproductive method, programmed method, heuristic method, case-study method.


*Metod* – bul bilimlendiriw procesiniń oqıwshınıń óz betinsheligi dárejesi (yamasa oqıwshı ushın tálim procesi elementleriniń ashıqlıǵı dárejesi) menen anıqlanatuǵın belgisi. Bunda, bul dáslepki klassifikaciya tolıq dewden kútá jıraq, óytkeni oqıw procesiniń tórt elementiniń (baslawısh shárayatlar, aralıq nátiyjeler, wazıypalardı sheshiw jolları, kútiletuǵın nátiyje) kombinaciyaları tórt metod penen juwmaqlanbaydı. Olar ádetiy hám túsinikli. Olardı derlik barlıq oqıtıwshılar qollanadı. Olar ushın ulıwmalıq bolǵan nárse – oqıwshı ushın baslawısh shárayatlardıń hám kútiletuǵın nátiyjelerdiń ashıqlıǵı. Olar oqıwshıǵa tayar halında beriledi.

Bazalıq dep ashıq baslawısh shárayatlar hám ashıq kútiletuǵın nátiyjelerge iye tálim metodları aytıladı.

1. Eger oqıwshı temanı úyreniwde neden kelip shıǵıw, qanday aralıq nátiyjelerden ótiw, olarǵa qalayınsha erisiw kerekligin bilse, onda onıń tálimdegi funkciyası bulardın barlıǵın eslep qalıw hám zárúr payıtta qayta tiklew menen sheklenedi. Solay etip, reproduktiv (RM) yamasa túsindiriw-illyustrativlik (TIM) metod tuwralı sóz etemiz.

Reproduktiv (yaki túsindiriw-illyustrativlik) dep oqıw procesiniń barlıq elementleri ashıq bolǵan metod aytıladı.

Sxemalı túrde metodtı tómendegishe súwretleymiz: BSh→○→○→TKN, bul jerde BSh – baslawısh shárayatlar, TKN - tálimniń kútiletuǵın nátiyjeler, sheńbersheler menen aralıq wazıypalardı, al strelkalar menen olardı sheshiw jolların belgileymiz.

2. Eger oqıwshıǵa aralıq nátiyjeler xabarlandırılmasa, biraq basqaları ashıq bolsa, onda biz tálimniń *programmalastırılǵan metodına* (PM) iye bolamız. Sxemalı túrde metodtı tómendegishe súwretleymiz: BSh→ → →TKN, Haqıyqattan da, oqıwshı neden kelip shıǵıw hám ne qılıw kerekligin biledi. Háreketler baǵdarlamasınıń (programmasınıń) birinshi bólimi boyınsha nátiyjelerdi alǵannan keyin baǵdarlamanıń ekinshi bólegin orınlawǵa kirisiw kerek hám usılayınsha kútiletuǵın nátiyjeni alǵanǵa shekem dawam ettiredi.

Programmalastırılǵan (PM) dep ashıq baslawısh shárayatlarına, kútiletuǵın nátiyjelerge, aralıq wazıypalardı sheshiw jollarına iye, biraq aralıq wazıypaları jabıq bolǵan metodtı aytamız.

3. Eger aralıq nátiyjeler ashıq, biraq olarǵa erisiw usılları oqıwshılarǵa xabarlandırılmasa, onda evristikalar kópliginen paydalanǵan halda hár qıylı jollardı sınap koriwge tuwra keledi. Usılayınsha hár bir járiyalanǵan aralıq nátiyjelerdi alǵannan keyin tákirarlanadı. Evristikalıq (EM) dep ashıq baslawısh shárayatlar, kútiletuǵın nátiyjeler, aralıq wazıypalar, biraq aralıq wazıypalardı sheshiwdiń jabıq jollarına iye tálim metodı aytıladı. Sxemalı túrde metodtı tómendegishe súwretleymiz: BSh ○ ○ TKN. Evristikalıq metod mashqalalı bolıp, onda bul metod arqalı oqıwshıǵa bir qatar sorawlar beriw jolı menen qarap shıǵılıwı kerek, oqıwshılar mashqalanıń sheshimine qaray jeteklenedi.

4. Eger aralıq nátiyjeler de, olarǵa erisiw jolları da belgisiz bolsa, oqıwshı orın alǵan hám zárúr bilimler ortasındaǵı qayshılıq penen duslasadı, yaǵnıy mashqalalı jaǵdayǵa (situaciya)ǵa túsedi. Onıń izleniwi bir qansha quramalı tús aladı. Bunday jaǵdayda muǵallim tálimniń mashqalalı metodın (MM) paydalanadı.

Sxemalı túrde metodtı tómendegishe súwretleymiz: [BSh] [TKN]. Demek, usı tórt bazalıq metodlardı analizlep, tómendegi matricasına iye bolamız.

**Bazalıq metodlardıń klassifikaciyalıq matricası**.

| Baslawısh shárayatlar hám kútiletuǵın nátiyjeleri *ashıq* | | **Aralıq wazıypalardıń metodları** | |
|---|---|---|---|
| | | ***ashıq*** | ***jabıq*** |
| **Aralıq wazıypalardı sheshiwdiń jolları** | ***ashıq*** | Reproduktiv (RM)<br>BSh → ○ → ○ → TKN<br>НУ → ○ → ○ → ПРО | Programmalastırılǵan PM)<br>BSh → ● → ● → TKM |
| | ***jabıq*** | Evristikalıq (EM)<br>BSh ○ ○ TKM | Mashqalalı (MM)<br>BSh ● ● TKM |

Individual tálim tosıqlarsız mashqalalı, al toparlıq – evristikalıq bolıwı múmkin, óytkeni oqıw procesiniń metodı principial túrde hár qıylı belgiler menen anıqlanadı.

Pedagogika boyınsha kópshilik sabaqlıqlarda bilim hám kónlikpelerdi ózlestiriw procesi belgili bir basqıshlarǵa iye. Kóbinese bes basqısh elementlerge ajıratıladı: jana materialdı úyreniw (JMÚ), tákirarlaw (T), bekkemlew (B), qadaǵalaw (Q), korrekciya (K) [1]. Basqısh – bul bilimlendiriw procesiniń maqsetke erisiw fazası (stadiyası) menen anıqlanatuǵın belgi.

Oqıw procesi basqıshlarınıń hár biri hár qanday metod hám hár qanday rejimde ámelge asırılıwı múmkin.

Oqıw procesiniń shólkemlestiriw formalarınıń dizimi bir qansha kólemli bolıwı múmkin. Bul dizimge: gúrriń, sáwbet, lekciya, seminar, praktikum, laboratoriyalıq jumıs, ekskursiya, zachyot, kollokvium, imtixan, soraw, qadaǵalaw jumısı hám t.b. metodlar kiredi.

Waqıt talabı sonnan ibarat, pedagogikalıq oylap tabılıwlardıń barlıq reń-báreńliginen málim bir belgilerge iyelerin ǵana tańlap alıw kerek:

1. Háreketlerldiń sistemalılıǵı hám anıq algoritmi («bir isle, eki isle, úsh isle»).
2. Qayta óndiriliwsheńligi (hár bir paydalanıwshınıń óziniń sıpatlarprofessionallıq dárejesinen ǵárezsiz túrde qollana alatuǵınlıǵınıń kepili sıpatında).
3. Boljanatuǵın kepillengen nátiyje.
4. Tolıq optimallıq (zárúr hám jetkilikliniń sıpatlaması túrinde).

Barlıq antropologiyalıq texnologiyalarǵa tán bolǵan taǵı bir qásiyetti atap ótiw múmkin: tábiyatqa muwapıqlıq» [2].

Solay etip, biz texnologiya túsinigine, texnologiyanıń metodikadan ózgesheligi sistemalılıq (algoritmlilik), qayta óndiriwsheńlik (kóbeytiw múmkinligi), nátiyjelerdiń kepillengenligi, optimallıq hám tábiyatqa muwapıqlıǵı ekenligin tán alǵan halda jetip keldik. Eń keń hám qısqa anıqlamanı A.M.Kushnir berdi: «Pedagogikalıq texnologiyalar – bul berilgen shárayatlarda pedagogikalıq wazıypalarǵa erisiwdiń optimal usılları» [3]. Bul definiciyanıń tereńligin kemeytpegen halda biziń pikirlerimiz hám terminlerimiz kontekstine oralamız. Bul kontekstte texnologiyanıń anıqlaması bunday boladı: **tálim texnologiyası** degende biz oqıw procesin shólkemlestiriwdiń oqıw maqsetlerine kepillengen, tábiyatqa muwapıq erisiw ushın zárúr bolǵan universal, ańsat qayta óndiriletuǵın optimal izbe-izligin túsiniwdi usınıs etemiz.

Metodika hám texnologiya anıqlamaların salıstırmalı analizlewdiń qolaylı bolıwı ushın akademik P.M.Erdnievtiń eselengen jazıw usılınan paydalanamız:

Tálim (oqıtıw) $\frac{metodikasi}{texnologiyasi}$ degende biz oqıw maqsetlerine $\frac{-}{\text{kepillengen tabiyatqa muwapiq}}$ erisiw ushın zárúr bolǵan oqıw procesin shólkemlestiriw formalarınıń $\frac{\text{har bir mugallimushinozinetan bolgan}}{\text{universalqaytaondiriletugin,optimal}}$ izbe-izligin túsinemız.

Ulıwmalastırıp aytqanda tómendegi didaktikalıq qurallar klassifikacıyasın názerińizge usınamız.

| | Klassifikaciyalawshı belgi | Didaktikalıq qurallar klası | Didaktikalıq qurallar túrleri | |
|---|---|---|---|---|
| Oqıw procesi | Oqıwshılardıń muǵdarı | Quram | Individual toparlıq akademiyalıq aǵım ǵalaba | Oqıw procesi shólkemlesiw formalarınıń kópligi |
| | Oqıw procesi elementleriniń oqıwshılar ushın ashıqlıǵı | Metod | Reproduktiv programmalastırılǵan evristikalıq mashqalalı | |
| | Informaciyalıq aǵımlardıń baǵdarlanǵanlıǵı | Rejim | EkstraA IntroA InterA | |
| | Ózlestiriw basqıshları | Basqısh | JNÚ tákirarlaw bekkemlew qadaǵalaw korrrekciya | |

Oqıtıw (tálim) metodikası degende biz anaw yaki mınaw oqıw maqsetine erisiw ushın zárúr bolǵan oqıw dáwiri ishinde shólkemlestiriw formaları hám paydalanıw metodları, hár bir muǵallim ushın ózine tán bolǵan izbe-izligin túsinemiz. Hár qıylı metodikalar túrlishe kúsh salıwlardı (shıǵınlardı) (waqıt, energetikalıq, materiallıq hám t.b.) talap etedi. Hár bir quram, metod, rejim, basqısh óziniń mánisleriniń reń-báreńligine iye ekenligin este tutqan halda, hár qıylı muǵallimlerde eki birdey oqıw situaciyalarınıń izbe-izligi – formulasın, yaǵnıy shólkemlestiriiw formasın tabıw ámelde múmkin emes. Birdey oqıw wazıypasın hár bir muǵallim óz betinshe sheshedi.

**Ádebiyatlar**


1. Бершадский М.Е., Гузеев В.В. Дидактические и психологические основания образовательной технологии. М.: Центр «Педагогический поиск», 2003. -С. 95.

2. Цит. по: Целищева Н.И. Технологический подход – веление времени. // Перспективные образовательные технологии на рубеже веков. Материалы межрегиональной научно-практической конференции. / Под ред. проф. В.П. Кваша. Краснодар: Институт им. К.Россинского, 1999. -С. 69–74.

3. Кушнир А.М. Методический плюрализм и научная педагогика // Живая педагогика. Открытость. Культура. Наука. Образование. Материалы круглого стола «Отечественная педагогика сегодня — диалог концепций». -М.: Народное образование, 2004. -С. 263.



**REZYUME.** Maqolada «usul» atamasi va uning asosiy turlari haqida umumiy tushuncha berilgan, oʻqitish usullari tasnifi, oʻquv jarayonining bosqichlari va uni oʻzlashtirish tahlili, metodologiya va texnologiyaning qiyosiy tahlili, shuningdek, umumlashtirilgan didaktik oʻquv qurollari tasnifi berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье дано общее понятие термину «метод» её основным видам, приводиться анализ классификации методов обучения, этапы учебного процесса и её усвоение, сравнительный анализ методики и технологии, а также обобщённая классификация дидактических средств обучения.

**SUMMARY.** The article gives a general concept of the term “method” and its main types, provides an analysis of the classification of teaching methods, stages of the educational process and its assimilation, a comparative analysis of methodology and technology, as well as a generalized classification of didactic teaching aids.